

## Pwogram Èd Pou Bay Manje Ann Ijans (TEFAP) Sètika Kalifikasyon

Non Benefisyè a:		
Kòd Postal:		Kantite Moun ki nan Kay la Antou:

**Etap 1:** Koche youn nan kare ki anba yo pou di nan ki fason ou kalifye pou Pwogram Èd pou Bay Manje Ann Ijans (The Emergency Food Assistance Program, TEFAP).

- Kategorik:** Ou kalifye yon fason kategorik pou w resevwa Manje USDA atravè TEFAP si kay ou patisipe nan nenpòt nan pwogram ki annapre yo: **SNAP, WIC, TANF, Medicaid, oswa SSI.**
  - OSWA -
- Kantite Lajan Moun ki nan Kay la Fè:** Si revni anyèl, anvan taks, moun ki nan kay la fè egal a oswa pi ba pase 225% nivo pòvrete federal la pou kantite moun ki nan kay ou a, ou kalifye pou w resevwa Manje USDA atravè TEFAP (gade anèks A).

**Etap 2:** Koche kare ki anba a pou konfime, apresa siyen epi mete dat la.

- Lè w koche kare sa a, sa vle di ou dakò sa ki annapre a se laverite:**
  1. Non benefisyè a, kòd postal la ak kantite moun ki nan kay la ke ou endike anwo a kòrèk.
  2. Benefisyè a abite nan Eta Nouyòk (pa gen yon kantite tan minimòm moun dwe abite la a).
  3. Benefisyè a ranpli kondisyon pou li kalifye pou TEFAP nan etap 1 an.
  4. Manje sa a se pou moun ki lakay benefisyè a sèlman, e yo pa dwe vann li, ni chanje l oswa twoke l.
  5. Benefisyè a konnen dwa sivil li genyen yo jan sa dekri pi ba a nan Deklarasyon USDA Kont Diskriminasyon an.

Siyati (Pa obligatwa)

Dat (Obligatwa)

**Yo dwe kite fòm sa a kote moun nan resevwa manje yo.**

### Deklarasyon USDA Kont Diskriminasyon

**Pou tout lòt pwogram asistans nitrisyon FNS yo, ajans leta oswa lokal yo, ak sou-benefisyè yo, yo dwe afiche Deklarasyon kont diskriminasyon sa a:**

Dapre lwa sou dwa sivil federal ak règleman ak politik Depatman Agrikilti Ameriken (USDA), enstitisyon sa a entèdi pou fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (ki gen ladan idantite sèks ak oryantasyon seksyèl), andikap, laj, oswa reprezay oswa revanj pou aktivite anvan dwa sivil yo.

Yo kapab mete enfòmasyon sou pwogram yo disponib nan lòt lang ki pa Angle. Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen komunikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram yo (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt odio, Lang siy Ameriken), ta dwe kontakte responsab Ajans Eta oswa lokal ki administre pwogram lan oswa USDA's TARGET Center nan (202) 720-2600 (vwa ak TTY) oswa kontakte USDA atravè Sèvis Relay Federal la nan (800) 877-8339.

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram lan, yon moun k ap pote plent ta dwe ranpli yon Fòm AD-3027, Ou kapab jwen yon Fòmilè pou Plent sou Diskriminasyon nan Pwogram USDA a sou Entènèt nan:

<https://www.usda.gov/sites/default/files/documents/ad-3027.pdf>, nan nenpòt biwo USDA, lè w rele 866-632-9992, oswa lè w ekri yon lèt ki adrese bay USDA. Lèt la dwe genyen non moun k ap pote plent lan, adrès, nimewo telefòn, ak yon deskripsyon alekri sou swadizan aksyon diskriminatwa a ak ase detay pou enfòme Asistan Sekretè Dwa Sivil la (ASCR) sou nati ak dat yon swadizan vyolasyon dwa sivil la. Ou dwe soumèt fòm oswa lèt [AD-3027](#) ki ranpli nan USDA pa:

- (1) **pa lapòs:**  
U.S. Department of Agriculture  
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights  
1400 Independence Avenue, SW  
Washington, D.C. 20250-9410; oswa
- (2) **faks:**  
(833) 256-1665 oswa (202) 690-7442; oswa
- (3) **imèl:**  
[program.intake@usda.gov](mailto:program.intake@usda.gov)

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egalego.